SOSYETE KOUKOUY AN AKSYON

Kwadèbosal se yon liv pwezi Sandy Larose* pibliye nan Edisyon Koukouy pandan ane2024 la. Lè nou louvri liv sila a, nou twouve nou devan divès tèm. Nou kapab site : lanmou, batay pou mounite nan sosyete Ayiti a, respè pou Ayiti. Kwadèbosal genyen yon diplis. Se prezans yon nouvo fòm pwezi nou batize Pwezoloji nan laboratwa travay Sosyete Koukouy. Pwezoloji a se pwezi plis logòs, mo grèk ki genyen sans pawòl epi

rezon. Kidonk, nou nan refleksyon an pwofondè.

« *E se marasa ak MC2*
(A+B+C)= Lanmou …
Kite m fè yon triyang san ipoteniz ak souri w»
Kwadèbosal paj (69)
Annou pran san nou pou nou li

Prefas Kwadèbosal.
Otè : Akademisyen Samuel Jean-Baptiste

Sandy Larose se yon powèt!

Paske, avèk rekèy pwezi li a, *Kwadèbosal*, li vin ofri nou jodi a, li "louvri yon fenèt sou nanm nou", tankou ekriven Henri-Robert Durandisse ta di. Paske yon powèt, se yon atis ki ofri limanite vwa li ak tout pwezi li, pou terapi kolektif nou tout bezwen an.

Men se pa pou sa sèlman Sandy Larose se yon powèt. Se paske, nan Kwadèbosal, li pa pè pran metafò yo ak senbòl yo, mete yo nan won, fè yo kwaze lewit, pou li trete divès tematik enpòtan li trese youn ak lòt nan yon bèl amoni, tankou lanmou, seksyalite, sitwayennte, konbativite fanm ayisyèn, lang, relijyon, e menm revolisyon.

Danble, powèt la kòmanse di nou ki santiman k ap travèse li, k ap enspire li, pouse li ekri. Kididonk, menm jan ak nou, lektè li yo, l ap viv yon sitwayennte ki pèdi wout li, ki vle pèdi sans li ak esans li, depi lè ansasen libète yo te touye papa nasyon an. Wi, vle ou pa, tankou nou tout, li se yon Ayisyen, sitwayen « yon peyi k ap valkande, ki bwè pwa depi 17 oktòb 1806. »

Men, menmsi « peyi a an mal makak, peyi an pati kite peyi an, peyi an plis deyò pase anndan », se pa sa ki pral anpeche Sandy Larose eksprime yon lanmou san kondisyon, yon atachman san ekivòk, pou peyi li : « Ayiti se pwezi m ». Epi fyète li tou : « Ayiti envante modènite ak mounite. »

Malgre, osinon paske li oblije mete kò l deyò, lage pye l, san li pa menm konnen pou konbyen tan, ni ki lè Ayisyen va deside rasanble peyi a ki fin epapiye, pou powèt la pa dekonekte, li tonbe pwomennen nan mitan KWADÈBOSAL, plim alamen, pou l obsève medam Ayisyèn yo k ap goumen ak lavi :

« fanm peyan m pran twa so nan men lamizè. »

Fanm ayisyèn ak Ayiti fè yon sèl nan pwezi powèt la. Yo dous ak menm dousè a, yo soufri menm soufrans yo, men yo sèmante pou yo pa janm bay legen. Se fanm vanyan sa yo Larose santi li damou, se pou yo li deplòtonnen pwezi li, se pou Ayiti :

« Kou Mannwèl ak Anayiz, lanmou m pou peyi m rete vivan. »

Anfèt, tout rekèy la se yon melodi damou.

Men anmenmtan powèt la domine. Twòp pwoblèm, twòp depravasyon :

« Nou pèdi mounite nou. Nou bliye pale lang nou »; twòp egareman :

« Relijyon zonbifye n. Di m kote Bondye te ye sou bato negriye? Nan kal batiman oswa sou volan? Bwakayiman se la Bondye chita. L ap ri nou… nou bliye kiyès nou ye… »

Pou tout rezon sa yo, li deside pou li pale, pou li denonse politisyen dwat e gòch k ap (mal) oryante yon mas pèp de bra balanse, fo zanmi k ap toupizi n : « Kilti m anba woulo konpresè lèzòt. » Powèt la pa deside plen bouch li dlo. Li pa nan di bonjou ak djab, li pa pè mete anmè nan pwezi a pou li salanbe sanzave tribò babò, machann lanmò ki sanble sèmante pou yo fini ak Ayiti :

« Vin gade tidoudou, kote zonbi ap bat madanm li nan gwo solèy cho. Nèg isit mare lapli, men yo pa mare politisyen k mare lavi. Politik pa bòrisit se machann lanmò. Blan nan peyi isit se machann mizè. Boujwa Ayiti se machann malè, machann revandè rès pèpè. Anbasad nan Pòtoprens se laskawo. Anbasad manje ranje Loksidan. Lanmò kwaze pye l nan chak kalfou, lanmò ap fè kadejak sou lavi. Kògwoup ri ragagang. Lanmò manje palè nasyonal. Li bwè dlo nan primati. L al rann gaz douvan anbasad peyi letranje. Nèg yo mare lavi, men yo pa mare lanmò. Inegalite sosyal se lanmò. »

Powèt la manche lang li, li « fè kreyòl pale kreyòl », pou li kontinye denonse « lokipasyon 1915, 1994, 2004, 2024 ak « 150 milyon pou lendepandans ».

Men li pa gen okenn dout, se lanmou ki dwe triyonfe, se lanmou k ap nouvo zam revolisyon an, se avèk li pou nou rive jwenn redanmsyon pèp ayisyen an : « Lanmou rete djougan. Lawouze kontinye taye banda. Men yon jou solèy gen pou fè fas kare. Pèp la desann lalin nan plat marasa.

Nèg ginen yo reveye. Si se pa jodi se demen pou lanmou donnen. »

Epi, sanzatann, rekèy la fini. Li lè li tan pou mwen rale kò m, pou m kite nou ak powèt la, Sandy Larose, plonje ansanm jouk nan kè Kwadèbosal.

Samuel Jean Baptiste,
Sekretè Egzekitif Akademi Kreyòl Ayisyen

*Doktè Sandy Larose, ki se pwofesè sikoloji sosyal nan inivèsite Leta Ayiti a depi nan ane 2013, renmen marye lasyans avèk literati. Se sa ki fè li devlope fòm pwezi li rele pwezoloji a. Sandy Larose se manm Sosyete Koukouy Seksyon Kanada. Li ekri plizyè liv epi atik syantifik nan divès domèn tankou pwezi, rap, idantite, lamòd, elatriye. Prezantman, Sandy Larose ap travay nan UQAC- Campus Sept-Iles.

Alarive Koukouwouj : Karant an refleksyon kritik, esè (2025), se yon koukouwouj, Editè a, Sandy Larose, fè sou plizyè nan tèks kritik Michel-Ange Hyppolite (Kaptenn Koukouwouj) te gen abitid ekri nan divès jounal ak revi sou zèv ekriven ayisyen yo, prensipalman sila yo ki ekri an kreyòl. Liv sa a, ki sòti nan Edisyon Koukouy, rasanble tèks Michel-Ange Hyppolite (Kaptenn) te ekri soti lane 1984 pou rive nan ane 2024.

Lè noumenm lektè yo va pran san nou pou nou li esè sila a, nou va remake, li pote anndan li yon tranch istwa literati kreyòl Ayiti a nan kategori pwezi, woman epi istwa-kout. Pou nou fè yon premye tranpe dwèt nan *Alarive Koukouwouj : Karant an refleksyon kritik*, ki deja anliy sou *Lulu epi Amazon*, mwen envite nou li prefas pwofesè Frenand Léger a. Lansman liv sila a ap fèt an prezansyèl nan Monreyal jou samdi 21 jen 2025 lan. Plis detay nan wout.

Prefas Alarive Koukouwouj : Karant an refleksyon kritik

Otè : Pwofesè Frenand Léger

Depi w di "defans ak valorizasyon lang kreyòl", genyen kèk pèsonalite ak òganizasyon k ap toujou vini nan tèt tout Ayisyen ki byen enfòme. Pami pèsonalite ak òganizasyon sa yo, ou pa ka pa tande pale de Michel-Ange Hyppolite, alyas Kaptenn Koukouwouj, ansanm ak Mouvman Kreyòl ki te vin tounen Sosyete Koukouy. Si w ap milite nan domèn lang ak literati keyòl, l ap difisil pou non sa yo pa kònen nan zòrèy ou tanzantan. Daprè mwen, Kaptenn se youn nan eritye k ap suiv menm chimen potomitan tankou Jan Tanbou, Pyè Banbou, Pyè Griyo ak Jan Mapou te trase depi lè yo te fonde Mouvman Kreyòl ayisyen nan lane 1965.

Kaptenn Koukouwouj, ki se yon manm responsab nan Sosyete Koukouy, fè pati yon ti gwoup potomitan ki envesti tan, enèji ak lajan yo nan mouvman defans ak valorizasyon lang ak kilti kreyòl ayisyen an depi plis pase yon demi syèk. Nan kilti ayisyen an, yon potomitan se yon sipò, sa vle di, yon moun k ap ede lòt moun atravè konviksyon l ak angajman l nan yon kòz ki nòb. Yon potomitan se yon moun ki gen anpil enpòtans nan yon fanmi, nan yon lakou, nan yon òganizasyon, nan yon sosyete, poutèt bon jan travay l ap reyalize, non pa nan enterè pwòp tèt li sèlman, men nan enterè tout kolektivite a. Si yon moun pa vrèman gen konviksyon ak kouraj pou l pèsevere, li pa p kapab pase 40 lane ap milite nan yon domèn ki pa prèske gen anyen pou l ofri l an retou. Karant lane se pa karant jou non mezanmi ! Sitou lè yon nèg se angajman pèsonèl li ki lage l nan konba sa a. Kòm mwen nan konba sa tou, mwen ka fè diferans ant militan kreyolis ki antre nan batay la sou baz angajman pèsonèl, san sipò enstitisyonèl, ak sila yo ki angaje paske yo benefisye gwo finansman nan enstitisyon Leta kou prive. Pou mwen menm, premye kategori militan ayisyen sa yo k ap goumen an favè lang kreyòl ak pwòp mwayen pa yo, se yo menm ki se vrè potomitan nan domèn nan.

Sa fè plis pase 10 lane depi m ap kolabore ak Kaptenn nan sa k gen pou wè ak travay militans nan domèn kreyòl la. Pami tout militan kreyolis m konnen, m ka mete Kaptenn pami sa yo ki pi devwe e ki pi serye. Lè Kaptenn di w wi se wi. Se pa nèg k ap di w yon bagay epi li fè yon lòt bagay. Depi se pou koze kreyòl, Kaptenn toujou pare pou l di wi e pou l kole zepòl. Eksperyans mwen te fè avèk li nan Akademi Kreyòl Ayisyen pandan plizyè lane te pèmèt mwen wè nan ki pwen se yon nèg ki vrèman genyen bon jan dispozisyon pou l goumen san kondisyon pou kòz kreyòl la. Dayè, tout reyalizasyon Kaptenn Koukouwouj, ki byen prezante nan liv *Alarive Koukouwouj: Karant an refleksyon kritik*, se temwayaj devouman, disiplin ak konstans misye nan gwo konba tout Ayisyen konsekan ta dwe ap mennen pou defann idantite kolektif kiltirèl nasyon ayisyen an.

Alarive Koukouwouj: Karant an refleksyon kritik prezante pakou Kaptenn Koukouwouj sou plan pèsonèl ak entèlektyèl atravè yon bèl sentèz. Kontni liv la, ki chita sou reyalizasyon pèsonaj la, pral pèmèt nou konprann pou ki rezon yo konsidere l kòm yon mapou, kòm yon potomitan. Gen moun menm ki kwè Kaptenn Koukouwouj pa pote non l pou granmesi paske disiplin, kouraj, ak devouman l fè yo konsidere l tankou yon kòmandan nan lame ki alatèt yon pakèt grenadye k ap goumen pou devlopman lang ak kilti kreyòl la. Liv sa a parèt nan yon moman kote jèn yo ann Ayiti bezwen modèl ak enspirasyon pou yo konstwi yon peyi tou nèf.

Wi, liv Kaptenn nan sòti nan yon peryòd kote Leta ayisyen an fas yon gwo danje ki menase egzistans li. Sosyete ayisyen an ap travèse moman ki petèt pi difisil nan tout istwa l. Devan vyolans kriminèl, politik, estriktirèl, ak ekonomik ki anvayi prèske tout espas nan peyi a, nou ta ka mande tèt nou ki espwa lajenès genyen? Lè nou konsidere gwo pwoblèm absans moralite ki egziste nan tout kouch sosyal nan peyi a, sitou nan lelit politik ak ekonomik yo, nou ka mande ki modèl pou lajenès suiv? Youn nan rezon ki fè nou nan katchouboumbe n ap viv la a jounen jodi a, sèke Leta p ap travay nan enterè nasyon an. Pou nou chanje sitiyasyon malouk sa a, nou bezwen dirijan onèt e serye ki gen yon lòt vizyon. Nou bezwen nouvo lidè ki sòti sitou pami jèn yo. Men, jèn sa yo dwe idantifye pami grandèt yo sila yo ki rete konsekan epi pwofite de eksperyans yo. Jan sa ekri nan misyon Mouvman Kreyòl Ayisyen, fòk jèn yo, ki gen responsabilite pou yo kreye yon lòt eta-nasyon, aprann rekonsilye avèk pwòp tèt yo epi pwòp nanm yo.

Yon nasyon se yon antite kiltirèl li ye avan li vin yon antite politik. Konstitisyon politik tout eta-nasyon ki respekte tèt li dwe baze sou eleman ki chita nan nannan idantite kolektiv kiltirèl popilasyon an, e youn nan eleman fondamantal ki fòme idantite kolektiv kiltirèl sa a se lang majorite pèp la pale a. Nan sans sa a, nou ka di Kaptenn Koukouwouj ak tout lòt potomitan nan Sosyete Koukouy gen lontan y ap klere wout la pou nouvo jenn lidè ayisyen sa yo ki gen responsabilite avni peyi a nan men yo.

Lè m konsidere tout sa m di la a sou wòl fondamantal aspè kiltirèl la jwe nan konstriksyon yon eta-nasyon otantik, mwen pa ka fini prefas la san m pa deplore konpòtman alyene anpil Ayisyen nan klas sosyal ki pi wo yo kontinye ap afiche parapò ak lang kreyòl la. Yo kontinye ap sèvi ak lang nasyonal peyi a nan kontèks enfòmèl sèlman kòm yon senp enstriman pou yo kontinye manipile majorite popilasyon an. Se poutèt sa, pa genyen anpil entèlektyèl ayisyen ki byen fòme k ap pwodui bon jan zèv serye nan lang kreyòl la. Pa genyen anpil nonplis k ap pran tan pou yo kritike zèv ki ekri nan lang kreyòl la yon fason pou yo ankouraje sa k ap eseye yo. Poutan, listwa demontre aklè se ekriven yo dabò, nan jefò y ap fè pou yo ekri lang manman yo sou papye, ki toujou koumanse gwo travay konseptyèl ki nesesè pou ranfòse kòd ekri lang nasyonal la. Nan sans sa a, li enpòtan pou nouvèl jenerasyon entèlektyèl, ekriven, atis, syantifik, ak lidè politik ayisyen k ap vini yo koupe fache ak vye mòd atitid konplekse sa a. Toutotan nou pa konprann se responsabilite tout Ayisyen pou nou valorize lang ak kilti kreyòl la paske li reprezante eleman ki pi fondamantal nan idantite nou ni kòm endividi ni kòm pèp, nou fenk kare ap patoje nan soudevlopman sosyo-ekonomik. Se nivo edikasyon chak sitwayen ki detèmine nivo devlopman sosyo-ekonomik yon sosyete. Nan yon peyi, kote lekòl pa fèt kòmsadwa nan lang manman popilasyon an, se nòmal pou nivo devlopman entèlektyèl sitwayen yo fèb. E se soudevlopman sila a ki lakòz n ap benyen nan labou kòripsyon, vyolans, enpinite, inegalite, ak move gouvènans. Respè pou lang manman nou se respè pou tèt nou! Se mesaj sa a Kaptenn Koukouwouj pote pou nou nan liv sila a.

Doktè Frenand Léger
Pwofesè nan Carleton University

Twou bote
Se zen
Tout bèt nan bwa
Fè foto zèklè souri w …
Pyès pa ri pi byen pase w.
Ankenn lèt nan alfabè
Pa ka eple non w
Tout lèt analfabèt
Bèkèkè devan bote w
Ou kwaze pye w pou redefini atizay
Kwaze pye ou sou kè solèy…
Antwàn Langonmye wè
Se ou ki Sodo m
Syo dlo m
Fa-Sòl-Si- Do m
Ou k fè solèy dodo.
Kwadèbosal paj 56

Biyè literè pou yon Twou Bote
Otè : Michel-Ange Hyppolite (Kaptenn)

Powèt la pale *« Twou Bote w/ Se zen»*. Se pa yon zen pou li peche pwason ni pou li rantre nan fè lòbèy. Se yon zen ki pou voye nouvèl ale. Nouvèl lanmou ki gani kè li pou fanm li damou an.

Lè Sandy Larose manyen plim li, oswa klavye òdinatè li pou li kite kè li rakonte sa ki nan bonnanj panse li, misye rantre nan konpetisyon ni avèk lèt ki nan alfabè a, ni avèk solèy. Yo tout pèdi fèy.

Okenn lèt nan alfabè / pa ka eple non w / [Ou] kwaze pye w sou kè solèy.

Lè otè a di nou fanm lan bèl jouk bote li rive kwaze pye li sou kè solèy, nou kapab konprann se yon fanm ki bèl tout bon. Fanm lan tèlman bèl nan lespri otè a, misye envite nou fè yon vizit kay «*Antwàn Langonmye*» pou nou kapab wè degre lanmou sila a. Lanmou otè a pou fanm lan se yon kalman, *« Se ou ki Sodo m /Syo dlo m / Ou k fè solèy dodo»*

Nan lespri pa nou, solèy sila a, se pa limyè sèlman. Se chalè kò. Se enèji. Se sous plezi. Kòm tout sa ki monte dwe bese, nou ka konprann tout kondisyon ki andòmi solèy otè a nan kanton ladous-ki-vyen. Konsa, nou pa oblije mete bòt desalye nou pou nou al frape pòt Antwàn Langonmye, paske nou deja konnen ki jan sa te fini. *Fa-Sòl-Si Do m*. Kidonk, misye sou do, lanmou mete do li atè. Li dwe ap pran souf anvan li rekòmanse.